



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

Superintendent of Schools  
Dr. Jose L. Dotres

Miami-Dade County School Board  
Mari Tere Rojas, Chair  
Monica Colucci, Vice Chair  
Roberto J. Alonso  
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall  
Mary Blanco  
Danny Espino  
Dr. Steve Gallon III  
Joseph S. Geller  
Luisa Santos

Lendi 25 Out 2026

Chè Paran/Gadyen:

Ane sa a lekòl nou an pral resevwa finansman espesyal nan men gouvènman federal la, nou pral ajoute sou fon regilye nou resevwa nan men Eta a ak otorite lokal yo, pou amelyore pwogram edikasyonèl pou tout élèv nan lekòl nou an. Lajan federal sa a pral pèmèt lekòl nou an aplike Pwogram Title I nan tout Lekòl la.

Pwogram Lekòl Title I bay ansèyman siplemantè nan Lekti/Ekriti, Matematik, Syans ak Syans Sosyal pou élèv nou yo, sou baz objektif enstriksyonèl nou etabli nan plan "School Improvement Plan (SIP)" (Pwosesis Amelyorasyon Lekòl) yo. An jeneral, nou kapab sèvi ak fon federal sa a pou ofri yon seri sèvis enpòtan tankou ajoute plis anplwaye enstriksyonèl, achte materyèl ak/oubyen ekipman edikatif; pwogram elektwonik tankou odinatè pou sipòt pwoesisis dewoulman klas la; fòmasyon espesyal pou paran ak/oubyen anplwaye yo, plis aktivite enteresan ki ogmante motivasyon/enterè, sèvis sipò ak ankadreman pou élèv nou yo, ak lòt sèvis edikasyonèl Distri a ofri.

Nou ankouraje ou pou w jwe yon wòl enpòtan e rete angaje nan pwoesisis planifikasyon ak egzekisyon plan Pwogram Lekòl Title I nan lekòl la. Chak lekòl ki ap patisipe nan pwogram sa a dwe an menm tan devlope avèk paran yo "The Title I School-level Parent and Family Engagement Plan (PFEP)" (Plan Angajman Title I pou Paran ak Fanmi nan Nivo Lekòl) ansanm ak "The Title I School-Parent Compact" plan (Akò Title I sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran). Nou envite w patisipe nan Reyinyon Anyèl paran nou an sou Benefis Pwogram Tit I nan tout lekòl la, kote nou pral revize epi mete ajou dokiman sa yo. Pandan reyinyon an, n ap pataje tou enfòmasyon sou lòt fason ak aktivite ou kapab angaje w nan lekòl la ak nan siksè akademik pitit ou.

Nou pa ka tann pou nou travay ansanm sou evalyasyon anyèl Title I PFEP nan nivo Lekòl la ak plan (Akò Title I sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran) an, epi revize yo jan sa nesesè. Yon fwa nou fini, n ap mete tout dokiman sa yo disponib nan Parent Resource Center (Sant Resous pou Paran), nan Biwo Prensipal lekòl la, ak sou sit entènèt lekòl la. N ap revize dokiman sa yo regilyèman pou asire nou yo reflete bezwen espesifik élèv nou yo. N ap bay plis enfòmasyon konsènan Reyinyon Anyèl Paran an konsènan Benefis Pwogram Tit I nan tout lekòl la sou sitwèb lekòl la.

Nou vle w konnen ekip administratif nou an, anplwaye lekòl nou yo, ak "Community Involvement Specialist (CIS)" yo oubyen moun ki responsab pou fè kontak ak paran nan lekòl nou yo) se premye pwen kontak ou pou resevwa enfòmasyon sou The Every Student Succeeds Act (ESSA) (Akò Tout Elèv Reyisi) a. Anplis, yo kapab ede ou jwenn enfòmasyon Right-to-Know (*Dwa pou Konnen*), pou paran, konsènan nivo pèfòmans akademik pitit yo nan chak evalyason akademik Eta a; kalifikasyon pwofesè ak anplwaye k ap anseye pitit ou a, si yo te asiyen pitit ou oubyen li resevwa enstriksyon pou plis pase kat (4) semèn nan men yon pwofesè ki pa satisfè kondisyon pou setifikasyon Eta a; done pèfòmans lekòl la; ak Pwosedi Distri a pou Mande Reyinyon ak Pote Plent; aksè nan plan 'PFEP,' 'Title I' nan nivo Distri a, aksè plan PFEP Title I nan nivo Lekòl la, plan School Improvement Process (SIP) (Pwosesis pou Amelyore Lekòl yo), ak plan Title I School-Parent Compact (Akò Title I sou Kolaborasyon Lekòl ak Paran).

Si ou gen nenpòt kesyon konsènan ansèyman pitit ou ap resevwa nan lekòl nou yo oubyen konsènan Pwogram Lekòl Title I, silvouplè kontakte mwen nan (305) 264-5757

Sensèman,

Madelyn Almeida-Fernandez  
Direktè/ Direktris

Perla Tabares Hantman School Board Administration Building

1450 N.E. 2<sup>nd</sup> Avenue • Miami, Florida 33132

305-995-1000 • [www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)